



KÄBIT SUVWC **ASOSYASYÄ AYITI**

KONSÈY ADMINISTRASYON POU
ZAFÈ ETÈNÈL ANPI AYITI



Qpi TOYA-DESSALINES.
01-Site Kapua Lamò.EQA
K-KE1805-ka17101806-12041-2E – kosaha1805@gmail.com

EAA adwrs postal:

108•Hemc•Wepqtqs•AbÄdqs•Etrnrl•qpi•AYITI•Kiskeya•Boyo

Ayibobo, As salaamu alaikum

Nu se **KONBIT SOUVREN ĀSOSYASYON HAYTI (KOSĀHA)** Konsèy Administrasyon zafè Etènèl ANPI AYITI (EQA) Nu se vwa Popilasyon an, ki se Mèt tè yo, ki pa kapab eksprime epi aplike Tèt yo pu bati yon pi bon avni pu Tèt yo ak Pitit yo.

Objektif Nu se edike Sitwayen Ayisyen yo, pu yo ka pran responsabilite yo nan Inite pu chanje kondisyon lavi yo, epi ankò, konekte yo ak Fanmi e Zanmi pu sipò ak gidans.

Sektè Devlopman Nu yo se : Agrikilti, Atizay ak Kilti, Defans, Edikasyon, Echanj-Komès, Enfòmasyon, Jistis, Sante, Syans-Teknoloji.

Nu detèmine ke Pèp Nu an dwe viv yon pi bon demen, pu sa ka rive, Nu dwe gen yon Sosyete Ayisyen ki dispoze pu sispann aksepte charite ki pa reglemante e suvan ki pa nesesè epi kap detwi kreyativite ak kapasite travay Popilasyon Nu an. Se pu tèt sa, antan ke Nasyon **Suvren**, Nu pran responsabilite Nu pun kanpe e angaje Nu nan dialòg pwodiktif ki gen sans epi TRAVAY pu asire plas Nu su tab la avèk Nasyon ki **Dwat** e Sivilize yo.

FRATÈNITE, AMITYE ak PATENARYA, yon koperasyon total nan Echanj ak Komès, sa se objektif final Nu.

Ayibobo, As salaamu alaikum,

Kam'Azaka Mede Muhammad De.

SuNaRep/KOSĀHA

EAA adwrs postal:

108•Hemc•Wepqtqs•AbĀdq̄s•Etrnr̄l•qpi•AYITI•Kiskeya•Boyo

Depi aprè gè Endependans Nu an, an **1804**, Nu te swiv deteryorasyon, degradasyon ak destriksyon byen detaye kap fèt ak anpil presizyon nan sistèm edikasyon, moralite ak ekonomi Sosyete Nu an. Ennmi an te konprann nan ki eta despri Nu te ye epi kijan Nu tap goumen poun tounen jwenn yon Libète, Endependans e yon **Souvènte** konplè.

Avèk sèl panse sa ke Pèp Endijèn yo te fè a, puvwa esklavajis Ewopeen yo te konprann ke, vrè Konesans sou idantite Nu pa tap pèmèt Nu rete nan yon eta de soumission konsa, alò sa te fè yo vin pi kreyatif nan destriksyon konsyans Pèp Nu an, kote ke jodia Nu tonbe dakò épi renmen strikti Sosyal e imoral ke yo ba Nu depi lè a rive jiska jodia 2025.

Nu konnen trè byen ke imoralite pa pèmèt yon Mun kanpe fèm poul konbat ennmi ki nan li a, ansanm ak règleman u prensip ki te kenbe puvwa Ewopeen yo Siprèm sou **Pèp Orijinal Planèt** la.

Jounen jodia, Nu ka jwenn anpil enfòmasyon, avèk teknoloji Nu kapab chèche Istwa Mun rapidman epi konekte youn ak lòt nan nenpòt peyi ou domèn Nu vle a, se konsa Nu vin konprann ke chemen poun lève kanpe e retounen nan vrè **Libète, Endependans ak Souvènte** a pa tèlman gen obstak tankou Nu te panse a.

Li klè ke sèl baryè ilizyon ki genyen se, senserite ak volonte Fanmi Orijinal la poun aksepte Verite, Repanti epi soude **FRATÈNITE, AMITYE ak PATENARYA** Nu an nan **LANMOU**.

Kontrèman ak sa anpil Mun ka panse, Lanmou pa diminye kapasite yon Mun pou fè biznis konpetitif epi akimile anpil richès, paske li ta sanble ke se sèl objektif final majorite Mun.

Kisak te ka fè yon Mun pè avansman ak siksè yon lòt? Eksepte ke nati Mun sa kontamine ak yon konplèks denferyorite ki fè ke li konstamman ap planifye e travay pou detwi lòt Mun nan tout nivo, **Spirityèl, fizik ak Ekonomik**.

Avèk sa nan refleksyon Nu, an, n retounen nan istwa **AYITI** a, kote ke 21 Jeneral yo te siyen yon Konstitisyon anba yon Drapo **Nwa-Ruj** pou reprezante nouvo eta degzistans Nu an, epi reafime Lwa natirèl ak Lòd Lavi a, Libète absoli, Jistis, **Egalite, Endependans ak Souvènte** Mun san zeksepsyon, eksepte Mun ki demanti epi rejte **Dwa Siprèm** sa yo.

1 nan aprè, konplèks denferyorite sa,a te parèt nan zak de trayizon ke yo te planifye epi touye Frè Nu, Anperè **Dessalines** ak anpil lòt Ofisye li yo. Se te trèt ki soti nan pròp Nu menm ankò ki te fè zak asasina sa,a. Aprè sa yo ranplase Konstitisyon, Drapo ak Idantite Nasyonal Teritoryal Nu an kise, **ANPI AYITI**. Zak tretriz sa,a te jwenn sipò pouvwa Ewopeen yo ki pat vle pèdi pozisyon yo kòm pwopriete Mun ak richès ki sou Zile **Ayiti Kiskeya Boyo** sa,a.

Leve a – Etènèl ANPI AYITI

Nan rechèch ak konba Nu pou rekipere idantite pròp Nu anba Konstitisyon Enperyal 1805 Nu an ak Drapo **Nwa-Ruj** la, Nu Menm **KOSĀHA** nap frape pòt mond Sivilize a poun jwenn **FRATÈNITE AMITYE** ak **PATENARYA** poun ka kòmanse refòme Sosyete Nu an.

Anpi **AYITI** ki te retabli an 1805 la, te tonbe e li te ranplase pa **République d'Haïti** an 1807, sa te vin separe Nu ankò plis de Pèp Nu an ki an ki sou kontinan Afrik la. Atravè ideoloji gouvènans **denmon-kratik** sa ki pa natirèl, anpil Nasyon ki kont Nu epi avèk èd Trèt ki nan mitan Nu yo, yo te rive etabli anbasad yo sou **Teritwa Enperyal** Nu an e yo menm envesti nan koudeta sou gouvènman ki teka nan enterè Nasyon Nu an.

San **Verite** pa gen **Jistis**, e san **Jistis** pa ka gen **Lapè**. Travay ke anpil nan Fanmi Nu yo ki Eta-Zini e Afrik te fè pou rekonèt e rekonekte **Gran FANMI** an te prouve ke se bon chemen poun swiv, pask Nu konnen ke yo te entèdi Nu fè kontak ak Fanmi yo ki lòt bò dlo kèlke swa.

Kesyon an te poze: Ki devwa yon Moun Sivilize? Repons: **DEVWA** li se anseye Moun ki pa Sivilize yo, ki sovaj, bayo Konesans de tèt yo, **Jistis**, Syans tout bagay nan vi a, **Lanmou, Lapè** ak **Lajwa**.

Rechèch Nu pou vrè **FRATÈNITE AMITYE** ak **PATENARYA**, se pou ke vwa Nu ka sonnen epi poun ka jwenn Jistis lè Nu kesyone Nasyon swa-dizan Sivilize yo ki gen anbasad yo sou Teritwa Nu an epi kap jwi de relasyon diplomatik e ki kontinye ap fè Pèp Nu an dòmi pou yo ka toujou ap vyole epi vòlè resous Nu yo.

Kiès ou ye? Kisa w fè e kisa wap fè? Ki solisyon w propoze pou ede korije problèm Nasyon Nu an? Poukisa w kontinye travay ak yon gouvènman ki pa

pwodiktif, ki imoral, òlalwa kriminèl, e kew konnen ki dwe pase anba kòd, jije e jwenn pinisyon?

Sa, a Nu konnen l kòm yon reyalite, **FSLTA, NOI, ADDI, KIBA, BRICS, AES, VENEZUELA**, ak plizyè lòt ki pa mansyone la, yo tout sou chemen pou kenbe ou jwenn Oto-detèminasyon, Libète, Endepandans ak Souvèrènte yo menm jan avèk Nu.

Laperèz pa yon opsyon pou Mun ki Dwat, Nu **Souvren** sou tè Nu, nap chèche tout sak pi bon nan mond Sivilize a atravè **FRATÈNITE AMITYE** ak **PATENARYA**.

Sa se Objektif **KONBIT SUVREN ASOSYASYON HAYTI**, kise Konsèy

Administrasyon pou Zafè **Etènèl Anpi AYITI**. Nu la pou ede Fanmi Ayisyen yo ede Tèt yo an kòmansman pa enfòmè e refòmme yon Sitwayen Ayisyen kap **Sivilize Responsab e Pwodiktif**.

•Kmnk NDA/03.08.25/KLM. EQA.K1805 000-009•



EAA adwrs postal:

108•Hemc•Wepqtqs•AbÄdq•Etrnrl•qpi•AYITI•Kiskeya•Boyo